PRESS RELEASE

Kominikasyon Antrepriz
817-967-1577
mediarelations@aa.com

POU PIBLIKASYON: Lendi 28 jiyè 2014

AMERICAN AIRLINES OFRI KLIYAN YO AKSÈ POU Y'ALE KAP AYISYEN, AYITI

FORT WORTH, Texas - American Airlines pral lanse yon nouvo vòl toulèjou k ap soti Miami International Airport (Ayewopò Entènasyonal Miami) (MIA) pou ale Okap Ayisyen, Ayiti; sa pral vin ajoute yon nouvo destinasyon entènasyonal nan rezo global liy ayeryèn nan kap pran ekspansyon. Kliyan yo ka fè rezèvasyon pou vwayaje nan nouvo destinasyon sa a apati 2 oktòb 2014, depi gouvènman an apwouve l.

"Nou fyè dèske nap sèvi Ayiti depi pliske 40 lane e nou panse nouvo vòl sa a enpòtan non sèlman pou kliyan nou yo, men lap yon katalizè enpòtan tou pou devlope kòt nò a ak louvri destinasyon istorik enpòtan sa a", sa a se deklarasyon Art Torno, ki se Vis-Prezidan Direktè - Meksik, Karayib, ak Amerik Latin.

Premye Minis Ayisyen an, Mesye Laurent S. Lamothe, te deklare: "Nou kontan anpil dèske American Airlines pran desizyon pou l lanse premye vòl dirèk soti Lèzetazini pou ale Kap Ayisyen. Nouvo destinasyon sa a reprezante yon kokennchenn opòtinite pou yon enpak ekonomik enpòtan boujonnen nan peyi nou an, etandone lap konekte Miami dirèkteman ak dezyèm vil peyi Dayiti a."

Orè Toulèjou pou Vòl MIA - OKAP (tout lè yo se lè lokal):

AA 1632

Kite MIA a 9:50 a.m. È delès
Rive OKAP a 11:50 È delès

AA 1659

Kite OKAP a 2 p.m. È delès
Rive MIA a 3:59 p.m. È delès

Nouvo destinasyon sa a vin ajoute sou lòt vòl American ap fè depi byen lontan a destinasyon Pòtoprens, Ayiti, e li pral opere avèk yon Boeing 737-800. Grasa gwo rezo American genyen ki soti Miami, kliyan l yo kap vwayaje soti Okap Ayisyen, ap gen aksè kounye a pou yo ale nan pliske 100 destinasyon atravè Lèzetazini, Lakarayib, Lewòp, ak Amerik Latin.

Enfòmasyon sou American Airlines Group
American Airlines Group (NASDAQ: AAL) se sosyete pòtfèy ki se pwopriyetè American Airlines ak US Airways. Ansanm avèk transpòtè rejyonal ki se pwopriyete esklizif ak sa ki endepandan kap opere sou American Eagle ak US Airways Express, liy ayeryèn yo opere yon mwayèn de prèske 6.700 vòl pa jou nan 339 destinasyon e nan 54 peyi apatide baz li yo nan Charlotte, Chicago, Dallas/Fort Worth, Los Angeles, Miami, New York, Philadelphia, Phoenix ak Washington, D.C. Pwogram American Airlines AAdvantage ak US Airways Dividend Miles yo pèmèt manm yo akimile mileyaj pou vwayaj, pou pakè vakans konplè, pou lokasyon machin, pou rezèvasyon nan lotèl ak pou fè acha toulèjou. American se yon manm fondatè **one**world alliance, ki gen manm ak manm eli yo ki sèvi prèske 1.000 destinasyon avèk 14.250 vòl pa jou nan 150 peyi. Konekte avèk American sou Twitter @AmericanAir ak sou Facebook.com/AmericanAirlines epi swiv US Airways sou Twitter @USAirways.

###